Ассаламу гIалайкум!

ГЪУДУЛЛЪИ
ДРУЖБА

БОЛЪИХЪ РАЙОНАЛЪУЛ ГАЗЕТА

№ 56-57 (9876-9877) | 4 сентябрь | Итни | 2017 сон

# ЛЪИМАЛ РОКЬИЗЕ ККОЛА!

Учительзабазул иргадулаб августалъулаб конференция тIобитIана 28 августалъ районалъул культураялъул рукъоб. Гьеб конференциялда гIахьаллъана районалъул бетIер МухIамад ПатхIулаев, гьесул заместителал, республикаялъул лъай кьеялъулгун гIелмабазул Министерствоялъул вакил Барият ХIажиева, районалъул лъай кьеялъул управлениялъул нухмалъулев ХIажигIиса ИзмагIилов, районалъул школазул мугIалимзаби, гьединго ясли-ахазул хIалтIухъаби ва тIаде ахIарал гьалбал.

Конференция рагьулаго районалъул бетIер МухIамад ПатхIулаевас киназего саламги кьун абуна:

-Дие бокьун буго нужедаги, нужер



цIалдохъабаздаги, гьезул эбел-инсудаги баркизе жакъасеб кьоги, тIаде щолеб цIияб цIалул сонги. Гьарула нужее киназего щулияб сахлъи, талихI, гьабулелъулъ икъбал, хIалтIулъ битIккей. Биччанте даимго нуж рохизаризе нужер цIалдохъабазул бергьенлъабаз.

КинабгIаги миллаталъул букIине ккола жиндирго культура, мацI, гIадатал. БукIана заман гьеб кинабгоялде мугъ рехараб. 90-абилел соназ гIадатияб ишлъун лъугьун букIана цоцазда зулму гьаби, гьелдалъун магIишат гьаби. ТIубанго нахъе ккун букIана тарбия-лъай кьеялъул суал. Амма гIумруялъ кинабго бачуна мухьде. БичIана лъаялъул къимат ва кьучIдасаго хисана тарбия-лъай кьеялдехун бугеб бербалагьи. Нилъеда киназдаго бихьана, цоги бакIаздаго гIадин нилъер районалдаги ЕГЭ кьолеб букIараб къагIида. Лъималазго гуреб, гьезул эбел-инсуца кьолеблъун лъугьун букIана гьеб.

Гьаб ахираб лъабго соналда жаниб гьеб суалги хисана лъикIаб рахъалдехун.

*(Ахир 3-гьум.)*









## Районалъул бетIер МухIамад ПатхIулаевасухъе рагьараб кагъат

Ниж руго Болъихъ росулъ гIумру гьабун ругел гIадамал; росдал захIматчагIи, захIматалъул ветераналъ. Гьаб кагъат хъвазе ниж тIамуна Болъихъ букIараб почалъул отделение Микрорайоналде бахъиялъ.

Нижерго хъулухъал тIуразе ниж гIемер щвезе кколел руго почалде.

Токалъул, газалъул гIарац кьезеги цIиял рачIарал газетал росизеги, посылка кагъат битIизеги, щиб къваригIел кканиги гьанже ниж ине кколел руго Микрорайоналде. Киназулго гуро рекIине машина, гьечIо маршутка хьвадиялъул гIадлунизамги. ГьединлъидаI бигьаяб суал гьечIо нижее Микрорайоналдеги нахъеги хьвадизе.

Нижер кIудияб гьари буго, бегьулеб батани, почалъул отделение букIарабго бакIалда рагьеян. Божи буго районалъул бетIер МухIамад ПатхIулаевас гьеб нижер гьари къабул гьабизе бугилан.

***Росдал гIадамазул рахъалдасан хъвана ХIалимат МухIамаевалъ.***

# АТКялъул ЗАСЕДАНИЕ ТIОБИТIАНА

Дагьал церегIан кьояз райадминистрациялъул данделъабазул залалда тIобитIана полициялъул, лъай кьеялъул управлениялъул ва цогидал идарабазул вакилзабиги гIахьал гьаруураб АТКялъул хассаб заседание.

Нахъ рахъичIого тIуразаризе кколел масъалабазде кIвар буссинабуна заседаниялъул гIахьалчагIаз гьениб. Заседаниялда гьоркьор лъурал суалаздасан бищун кIвар бугеб суаллъун букIана ЦIияб цIалул соналъ школаздагун дошкольный учреждениязда хIинкъи гьечIолъи букIинаби. Районалъул бетIер М-д. ПатхIулаевас абуна: -

*Жакъа кьоялда жаниб терроризм буго бищун кIудияб балагь.* Гьединабго балагьаб иш буго цIа ккейги. ЦIияб цIалул соналъ полициялъулгун пожарний часталъул хассал хIалтIухъабиги гIахьал гьарун районалъул школазда хIинкъи гьечIолъи букIинабиялъе тадбирал гьаризе ккола. МухIканаб халкквей букIине ккола гIадамал цIикIкIун хьвадулел, гьел данде руссунел бакIазда хадубги, гьезул хIинкъи гьечIолъи букIинаби мурадалда. Лъай кьеялъул ва цогидалги гьеб иш тIаде кколел идарабаздаса кьварун тIалаб гьабизе ккола гьезул гьалатIаздалъун ккарал хIужабазул жавабчилъиги. Нагагь гIунгутIаби ратани тIокIаб нахъбахъичIого кьокъаб заманалда жаниб гьел лъугIинариялъе хIалтIаби гьаре,-ян лъазеги гьабуна районалъул бетIерас.

КIалъазе вахъарав ОМВДялъул штабалъул начальник Айгуб Айгубовас абуна:

- "Полициялъул хIалтIухъабазда бичIчIула гIадамазул гIахьаллъигун гьарулел ругел тадбиразулъ хIинкъи гьечIолъи букIинабизе кколеблъи",-ян. Гьес рехсана цо-цо школазда тIатинарурал гIунгутIабазулги. Гьединго учительзабазда гьарана лъималазда гьоркьоб нухазда цIодорго хьвадизе ккеялда хурхун бичIчIи-кьеялъулаб хIалтIи гьабейиланги.

Гьединго кIалъазе рахъана районалъул прокурор Жамал ЖабрагIилов, лъай кьеялъул управлениялъул начальник ХIажигIиса ИзмагIилов.

Заседаниялдаса хадуб дандрекъон кколеб хIукмуги къабул гьабуна.



**Пресс-служба райадминистрации сообщает:**



**Джавгарат Ахмадудинова, пресс-секретарь**

# В ЕДИНСТВЕ НАША СИЛА

На днях, в рамках празднования Дня Государственного флага России, в центральной районной библиотеке МР «Ботлихский район» прошла выставка художественных фотографий «Гордимся Россией» и детского рисунка «Мой флаг, Мой герб, Моя Россия»! Также присутствующие могли ознакомиться с документами, литературой об истории российского Флага. Здесь каждый желающий мог собственноручно изготовить праздничные открытки или оформить своим рисунком российские флажки.

А дети старательно рисовали российские флажки на асфальте. Все это сопровождалось патриотическими песнями о Родине, о России в



исполнении юных читателей районной библиотеки.

Работник РЦБ Зарема Темерсултанова рассказала присутствующим историю появления Российского триколора.

«День Российского флага – праздник, который помогает объединить общество на вечных ценностях – патриотизме, государственности.

В государственной символике России отражаются мощь и величие нашей страны, ее славная история, подвиги российского народа. Этот праздник вызывает в нас чувство гордости за свою великую страну, за наших соотечественников»,– подчеркнула она.

Финалом праздника стал запуск в небо бело-сине-красных шаров.

Мероприятия, посвященные символу Российской Федерации провели не только в районном центре, но и во всех селах района. Еще накануне Дня Флага стараниями работников поселенческих библиотек в селах были проведены акции «Триколор», «Я рисую мелом Флаг России», «Три цвета одного Флага», прошли демонстрации видео-энциклопедии событий августа 1999 года, для детей провели уроки «Час истории», где дети с большим удовольствием, активно и заинтересованно участвовали в этих мероприятиях.

# БУДЕТ НОВАЯ ТИПОВАЯ ШКОЛА

Во всех образовательных учреждениях Ботлихского района 1 сентября прошли торжественные линейки, приуроченные к началу нового учебного года.

На мероприятии по случаю празднования Дня знаний в школах района по распределению администрации выехали ответственные руководители. В этот день по поручению Главы РД Абдулатипова Р.Г поздравить учащихся Рахатинской СОШ приехал уполномоченный Главы РД Алибег Алиев.

Также на торжественной линейке 1 сентября в Рахатинской школе приняли участие глава МР «Ботлихский район» Магомед Патхулаев, депутат НС РД Майирбег Алхасов и имам села Магомед Абдулкаримов.

Со словами напутствия к школьникам, родителям и педагогам обратился глава района Магомед Патхулаев , который поздравил их с Днем знаний и мусульманским праздником Курбан-Байрам.

В своей речи он отметил значимость роли учителя в воспитании личности ученика, выразил огромную благодарность учителям за их самоотверженный труд, ученикам пожелал в новом году пополнить багаж знаний и успехов, а родителям – терпения.

«Для каждого из нас образование было и остается важнейшей составляющей в становлении и развитии. Это залог успешного будущего. Успех каждого из вас зависит от инициативы, уверенности в своих силах, желания идти вперед. Набирайтесь опыта и знаний, учитесь своим трудом и талантом приносить максимальную пользу, стремитесь быть нужными своему



району, слава которого во многом зависит от вас самих». -сказал глава района.

Приветствуя участников праздника, Алибег Алиев от имени Главы республики и от себя поздравил их с Днем знаний. Он в частности сказал: «У вас впереди интересная, насыщенная жизнь. Я желаю вам хорошо учиться, радовать родителей. Пусть этот учебный год будет удачным для вас, и все школьные предметы даются легко».

Затем он вручил книги Рахатинской СОШ и от имени Главы республики персональный подарок набор интерактивной доски и ЖК -телевизор.

Также в своей речи он подчеркнул , что Глава республики на состоявшимся 30 августа встрече с главой Ботлихского района дал ответственным лицам поручения подготовить соответствующие документы для строительства новой школы в селе Рахата «В школе ежегодно растет каличиство первоклашек , по моим данным в этом году в первый класс идут на 15 больше детей ,чем в прошлом году , это говорит о ежегодном росте населения, и строительство новой типовой , отвечающий по всем стандартам школы , просто необходимо»,- отметил Алибег Алиев.

Стоит отметить, что у учащихся Рахатинской школы начало учебного года начинается в новом месте, это временно переоборудованное под классы здание фабрики народных промыслов.

Напомним, что 4 июня 2017 года в селе Рахата Ботлихского района сгорела школа и связи с тем что данное здание не подлежало восстановлению, руководство района решило оформить кредит с целью подготовить помещения под классы для учеников и приобретения учебно-методических пособий и другого необходимого инвентаря и оборудования для учебного процесса, что было сделано качественно и в кратчайшие сроки.

Также со словами поздравлений выступили депутат Народного Собрания Республики Дагестан Майирбег Алхасов , глава сельского поселения «Село Рахата» Шарапудин Омаргаджиев, имам села Магомед Абдулкаримов . Все они отметили высокую роль системы образования в становлении человека как личность.

Имам мечети подчеркнул: «Учебный процесс должен строиться как на обучении, так и на воспитании подрастающего поколения, которые находят свое отражение в жизни . Желаю вам успехов в труде, освоении знаний, крепкого здоровья, терпения, сил и удачи».

В этот день для школьников Рахатинской СОШ помимо подарков от Главы РД Абдулатипова Р.Г. были вручены подарки и от руководство района, депутата НС РД Майирбега Алхасова.

В свою очередь директор Рахатинской СОШ Адигат Джаватханова поблагодарила гостей , руководство РД и главу района за поддержку и оказанное внимание .

После торжественных линеек в классах были проведены уроки мира.

# ЛЪИМАЛ РОКЬИЗЕ ККОЛА!

(Байбихьи 1-гьум.)













Лъай кьеялдехун мугIалимзабазулги, цIалудехун лъималазулги, гьезул эбел-инсулги жавабчилъи цIикIкIана. Гьелъул хIасилалги квешал гьечIо. Биччанте мугIалимасул харж дагьаб букIине. Гьесулалдаса дагьаб харж батизе буго росдал магIишаталда хурхараб хIалтIи гьабулев чиясул.

Мисалалъе босе чед. Гьеб нилъер столалде щвезегIан кигIан хIалтIи гьабизе кколеб бугеб гьелда сверухъ. Бугониги, ралъдалъе чвахун унеб лъел цIураб шиша гьелдаса хира буго. Харж дагьаб бугониги мугIалимас жиндирго хIалтIи гьабулеб буго. БукIине кколеб къагIидаялда, тарбия-лъай кьун, куцалеб буго гIун бачIунеб гIел.

Хадуб районалъул бетIерас рехсей гьабуна рахатIа школалъулги.

-Цо дагьаб цебе бухIана РахатIа школа, гьеб нилъеда киназдаго лъала. ТIаде щолеб цIияб цIалул сонги букIун, кIудияб кIвар бугеб суаллъун букIана лъималазе цIализе ресал рати. Пикру дандбан, хIукму ккана буртаби гьарулеб фабрикаялъул минаялда жаниб, заманалъе, гьел лъимал цIалиялъе шартIал гьаризе. Баркалаялъеги рецц- бакъалъеги мустахIикъаб буго гьеб школалъул коллектив, хасго директор. Къокъабго болжалалда жаниб, гьарун ремонталгун, цIияб мебельги босун, лъималазе тарбиялъай кьеялъе киналго шартIал рекъезаруна.

Гьеб хIалтIи гьабиялъулъ гIахьаллъарал киназего кIудияб баркала.

Цоги нухалъ баркула киназдаго тIаде щолеб 2017-2018 цIалул сон, киназего сахлъи ва икъбал.

Хадув кIалъазе вахъана районалъул лъай кьеялъул управлениялъул начальник ХIажигIиса ИзмагIилов. Киназдаго ЦIияб цIалул сонги баркун гьес жиндирго кIалъаялъулъ аслияб кIвар буссинабуна лъай кьеялъул качество борхизабизе ккеялде.

- Тарбия-лъай кьеялъул рахъалъ нилъер район буго лъикIазда гьоркьоса цояблъун. Гьеб буго нужер хIалтIул хIасил, баркала нужее гьелъухъ.

ЛъагIалил ахиралда лъималаз ЕГЭялда бихьизабураб хIасилгьеб буго нилъеца гьабураб хIалтIуе лъураб къимат.

Исана ЕГЭ кьуна 208 цIалдохъанас 10 предметалдаса. Цереккун рукIараздаса хIасилал ккана лъикIал. Щиб гьелъие гIилалъун ккараб? БичIчIана лъималаздаги гьезул эбел-инсудаги гIарцухъ баллал росиялдаса, цIалун лъай босиго цебе кколеблъи.

Жакъа районалда гIун бачIунеб гIелалъе тарбия-лъай кьеялъе шагьараздаго ругел гIадал шартIал чIезарун руго. КъваригIараб жо буго гьездаса пайда босизе. Мисалалъе босила спорт. Районалда гьечIо спортзал гьечIеб школа. Амма щаялиго гьел чIорого рукIунел руго. Щай бегьулареб, къватIал тирула течIого, лъимер спорталде цIазе. Чемпионаллъун киналго рахъунаро, амма спорталъ бачуна лъимер гIадлунизамалдеги, жавабчилъиялдеги.

Тарбия-лъай кьун гIун бачIунеб гIел куцаялда тIад цадахълъугьун, гIаммаб къагIидаялда хIалтIизе ккола школалъул кинабго коллектив. Школалдаса гуреб, ясли-ахалдасаго байбихьизе ккола кинаб бугониги рахъалъ цебетIей бугел лъимал тIатизаризе, гьезда тIад хIалтIизе. КъваригIун буго Республикаялъул даражаялда цебесеб кьерда нилъер лъимал рукIине. Араб соналъ районалда вукIана 17 медалист, амма Республикаялда гьез киналгIаги хIасилал рихьизаричIо. КъваригIараб жо буго "Бищунго лъикIав лъагIалил учитель" конкурсалдаги ва гь.ц. конкурсаздаги хIасилал лъикIлъизаризе.

Школазги лъималазул эбел-инсуцаги кIвар кьезе кколеб суаллъун ккола риидалил каникулазда лъималазе хIухьбахъиялъе шартIал гIуцIи. Гьелъие лъикIаб мисаллъун букIине бегьула ансадерил мисал. Лъималазул эбелинсуца, тIа-тIала гIарацги рехун, жидерго рохьоб лагерь гIуцIана. Лъимал разиго хутIана гьениб гьабураб хIухьбахъиялдаса.

Нилъер районалда буго 31 школа. Гьениб цIалулеб буго щуазаргоялдаса цIикIкIун лъимер. Руго цо-цо школазда батIи-батIиял предметазул мугIалимзаби гIоларел хIужабиги. Гьединал школазул нухмалъулез, районалъул лъай кьеялъул управлениягун дандбан, гьеб суал роцIцIинабизе ккола.

Гьаб буго 21-абилеб век. Школалдаса къватIиве ине ккола гьелъул тIалабазда рекъон хIадурарав инсан,-абун лъугIизабуна ХIажигIиса ИзмагIиловас жиндирго кIалъай.

Хадув кIалъазе вахъарав Болъихъ №2 гьоркьохъеб школалъул директор СагIаду ХIажибеговас абуна школалъул масъалалъун букIине кколила тарбия-лъай кьей гуребги, жакъасеб гIумруялде хIадурарав инсан къватIиве виччайги, абун. Школазе кадраби хIадуриялдеги кIвар кьезе кколилан абуна СагIадуца.

Исанасеб сон-экологиялъул Сонлъун рагIинаби хIисабалде босун, кIалъазе рагIи кьуна районазда гьоркьосеб экологиялъул комитеталъул нухмалъулев Лабазан МухIамадовасе.

-Баркула киназдаго тIаде щолеб ЦIияб цIалул сон, гьарула сахлъи, хIалтIулъ бергьенлъаби.

Нилъер районалда гIуцIун буго жиндирго уставги, эмблемаги, формаги бугеб гIисинал экологазул отряд. Цебеккунго гIуцIараб планалда рекъон, гьел гIисинал экологалги гIахьаллъун, тIоритIула батIи-батIиял тадбирал. ТIабигIат цIуниялъул мурадалда ниж щвана Дагъистаналъул гIемерал бакIазде, амма аслияб







къагIидаялъ нижер хIалтIи хурхараб буго нилъерго районалда, хасго "Казеной -Ам" хIорихъ рацIцIалъи цIуниялда. ХIаракатаб гIахьаллъи гьеб хIалтIулъ кидаго гьабула ГIанди школазул цIалдохъабазги.

Къокъабго, амма киназего лъикIаб асар гьабураб кIалъай гьабуна Зило гьоркьохъеб школалъул мугIалималъ.

-Нилъер хIалтIул гIемер бицана жакъа гьаниб, дие абизе бокьун буго-лъимал рокьизе ккола. Цинги кьола лъималаз ЕГЭги, ОГЭги, кинабго лъикI букIина.

АнсалтIа росдал "Аист" ясли-ахалъул хIалтIухъаналъги бицана гьанжесел тIалабазда рекъон жидерго коллективалъ гьабулеб хIалтIул хIакъалъулъ.

Ахиралда кIалъазе рагIи кьуна Республикаялъул лъай кьеялъулгун гIелмабазул Министерствоялъул вакил Барият ХIажиевалъе.

-Нижер Министерствоялда Болъихъ район кидаго рехсола лъикIазда гьоркьоб.

МугIалимасул буго кигIанги жавабчилъи цIикIкIараб хIалтIи, гьединлъидал гьезда гьоркьов вукIине бегьуларо тохлъукьего ккарав чи. Гьединго Барият ХIажиевалъ къокъго бицана цоцо рукIине ругел цIилъабазулги.

Конференциялъул ахиралда церетIурал мугIалимзабазе кьуна грамотаби ва дипломал.

**Ж.АХIМАДУДИНОВА**

# РОСДАЛ ХАБАЛ РАЦIЦIАД ГЬАРУНА

Цо рузман къоялъ Болъихъ росдал дибир Запирица росуцоязда, хасго гIолохъабазда, гьарана метер санагIат-рес бугел киналго росдал хабал рацIцIизе рачIаян абун. ТIасияб къоялъ радалго байбихьана базаялда аскIор ругел хабалахъ, кодор хIалтIул инструменталгун гIадамал ракIаризе. Росулъ чиго хутIанадай абун ракIалде кколеб букIана, гьезул къадар бихьун.

Цереккун щвараз, цогидал тIаде щвезегIан чIечIого, радалго байбихьана хIалтIизе. Рищни-къул, чIахI-хер бакIарана цояз. Цогидаз гьеб кинабго хабалалъа къватIибе баччун бана машинабазде тIаде. Гьединго, хъухъан гьелго машинабазде тIаде ран свалкаялде щвезаруна ракъварал гъутIбиги бакI-бакIалда рижарал хъархъалги. Руччабаз чурун бацIцIад гьабуна кверкьеялъе гьабураб бакIги.

ХIасил, къокъабго заманалда жаниб, росого бахъун, матIу гIадин рацIцIад гьаруна базаялда аскIор ругел хабал. Хадубккун гьединабго хIалтIи гьабизе хIисабалде босун буго росдал цогидал хабалалъги. Кинабго хIалтIи лъугьун хадуб росдал имамасги жамагIатазги кIудияб баркала кьуна Аллагьги разияб гIадамалги рохараб гьеб хIалтIи гьабиялъулъ гIахьаллъарал киназего.

-БитIараб бицани букIана рекIелъ хIинкъиги, гьабулелъуб жидерго хIалтIиги тун, тIадежоялъеги, гьединаб багIариялда, гIадамалго рачIине ругодайха абун,- ян мукIурлъана росдал имам диргун букIараб гара-чIвариялъулъ.

-Амма дун кутакалда гьез вохизавуна. ГIисинал-чIахIиял батIалъи гьечIого росуго бахъана хIалтIизе. Азарабго баркала гьезие киназего дир рахъалдасаги росдал жамагIаталъул рахъалдасаги. Аллагь разилъаги гьездаса,- ян тIадеги жубана Запирица.

**Ш. МУРТАЗАГIАЛИЕВ**











# МИГРАЦИОННАЯ СЛУЖБА ИНФОРМИРУЕТ:

УВМ МВД по Республике Дагестан принимаются необходимые меры для пресечения деятельности мошеннических посреднических группировок, которые занимаются незаконным оформлением регистрационных документов для иностранных граждан и лиц без гражданства. Такие документы зачастую оказываются поддельными и всегда превышают официальную стоимость. Так за период объединения УФМС РД в состав МВД по Республике Дагестан, усилиями Управления по вопросам миграции МВД по Республике Дагестан была пресечена деятельность около 15 посреднических групп, действующих на территории республики.

Во избежание дополнительных расходов и пресечения деятельности посредников при оформлении патента, разрешения на временное проживание и вида на жительство в Российской Федерации вам необходимо ***самостоятельно*** подготовить необходимые документы в соответствии с перечнем, для представления в Управление по вопросам миграции МВД по Республике Дагестан и сопутствующие государственные учреждения для оформления законного пребывания, проживания и трудоустройства на территории Российской Федерации.

Управление по вопросам миграции МВД по Республике Дагестан информирует о наличии установленных цен на документы при оформлении патента, разрешения на временное проживание в Российской Федерации и вида на жительство в Российской Федерации.

**При оформлении патента:**

- Медицинские справки:
  1. *"ВИЧ" - 500 руб. (ул. Гоголя д. 43, Инфекционная больница);*
  2. *"Наркология" - 400 руб. (ул. Ш. Руставели, д. 57 "В");*
  3. *"Туберкулезный диспансер" - 400 руб. (ул. Котрова, д. 19);*
  4. *"Кожно-венерологический диспансер" - 400 руб. (пр. Шамиля, д. 40).*
- Сертификат о знании русского языка, истории России и основ законодательства РФ на получение патента - рекомендованная цена – 4 900 рублей;
- Договор (полис) добровольного медицинского страхования – до 3 000 рублей.
- Фото 3х4 (цветные) – от 100 до 150 рублей.
- Нотариально заверенный перевод паспорта – от 300 до 500 рублей.

**Общая цена на все необходимые документы не должна превышать - 10тыс. 250 руб.**

**При оформлении разрешения на временное проживание в Российской Федерации:**

- Медицинские справки:
  1. *"ВИЧ" - 500 руб. (ул. Гоголя, д. 43, Инфекционная больница);*
  2. *"Наркология" - 400 руб. (ул. Ш. Руставели, д. 57 "В");*
  3. *"Туберкулезный диспансер" - 400 руб. (ул. Котрова, д. 19);*
  4. *"Кожно-венерологический диспансер" - 400 руб. (пр. Шамиля, д. 40);*
  5. *«Единое медицинское заключение» - 1000 руб. (ул.Шихсаидова, д. 43).*
- Сертификат о знании русского языка, истории России и основ законодательства РФ на получение РВП - рекомендованная цена – 5 300 рублей;
- Фото 3х4 (цветные) – от 100 до 150 рублей.
- Нотариально заверенный перевод паспорта – от 300 до 500 рублей.
- Государственная пошлина за выдачу иностранному гражданину или лицу без гражданства разрешения на временное проживание в РФ – 1600 руб.

**Общая цена на все необходимые документы не должна превышать - 10тыс. 250 руб.**

**При оформлении вида на жительство в Российской Федерации:**

- Медицинские справки:
  1. *"ВИЧ" - 500 руб. (ул. Гоголя, д. 43, Инфекционная больница);*
  2. *"Наркология" - 400 руб. (ул. Ш. Руставели, д. 57 "В");*
  3. *"Туберкулезный диспансер" - 400 руб. (ул. Котрова, д. 19);*
  4. *"Кожно-венерологический диспансер" - 400 руб. (пр. Шамиля, д. 40);*
  5. *«Единое медицинское заключение» - 1000 руб. (ул.Шихсаидова, д. 43).*
- Сертификат о знании русского языка, истории России и основ законодательства РФ на получение ВНЖ - рекомендованная цена – 5 300 рублей;
- Фото 3х4 (цветные) – от 100 до 150 рублей.
- Нотариально заверенный перевод паспорта – от 300 до 500 рублей.
- Государственная пошлина за выдачу иностранному гражданину или лицу без гражданства вида на жительство в РФ – 3500 руб.

**Общая цена на все необходимые документы не должна превышать - 12 тыс. 200 руб.**

В случае превышения указанных цен, посредниками, сотрудниками вышеуказанных учреждений, либо если вы оказались жертвой граждан оказывающих посреднические услуги просим сообщить по номеру телефона:

- Горячей линии УВМ МВД по РД – 99-60-20;
- Дежурной части МВД по РД – 99-40-05;
- ОРЧ СБ МВД по РД – 99-40-28;
- УФСБ России по РД – 67-96-97.

Убедительно просим Вас не поддаваться провокациям посредников и отказаться от предлагаемых ими услуг.

**Начальник МП ОМВД России по Ботлихскому району**
**Гайдарбегов Ш.Г.**

# САХЛЪИ - НИЛЪЕР БЕЧЕЛЪИ

## Лъимер бахъи – заралияб иш

Лъимер гьаби -гьеб ккола чIужугIаданалъе кIудияб роххеллъун. ГIадат хIисабалда ургьиб гIолеб лъимералъ сахай чIужугIаданалъул чорхое гьабула лъикIаб асар. ХерлъичIого йикIинегицин квербакъи гьабула кинаб бугониги сахъат гьечIого, лъимер гьабулей йикIиналъ.



Амма ургьиб бугеб лъимер биххизабиялъ, гьеб кинабгIаги захIмалъи гьечIого ун бугониги, чIужугIаданалъул сахлъиялъулъ заралиял хиса-басиял ккезаричIого хутIуларо. Хирургическиял тIолалго къагIидабиги цIунун гьабураб абортальгицин кIудияб зарал гьабула чIужугIаданалъул чорхое. БукIине бегьула сахлъиялъе цIакъго хIинкъи бугелцин хиса-басиял. Гьелъ чIужугIадан лъугьинайизе бегьула хадубккун лъимер гьабуларейлъун, заман щвелелдего херлъизеги бегьула.

БитIккечIеб абортальин абуни, сахай чIужугIадан гьайизе бегьула гIумруялъго хIалтIизе кIоларейлъун, эбелалъулаб рохалидаса махIрумайлъун. РукIине бегьула гьединал хIужжабиги. Лъимаде йигей гIаданалъ жийго цIуничIолъиялда бан ккезе бегьула иш операция гьабиялдеги. КигIан махшел бугей тохтуралъгицин лъимералъул рукъалъе сахъат гьабизе бегьула. Кидаго гуро рес ккоролеб чIужугIаданалъул гьединаб заманалда дандчIвалел хIинкъи бугел захIмалъабаздаса цIунизе. Ккезе бегьула гIемераб чорхолъа би иналъул хIужжаги. Гьеб чIезабиялъе хIасил кьолел хехал тадбирал гьаричIони, хвеялдагицин хIинкъи буго. Гьединго хIинкъи букIуна аборт гьабулаго лъимадул рукъ багьиялъулги. Гьенирги гьаризе ккола нахъ бахъун течIого, хехал тадбирал. Больницаялда гьечIого гьарурал абортазул кIудияб хIинкъи букIуна чIужугIаданалъеги гьелъул гIумруялъеги. Гьелъ рачуна сахлъи киданиги тIад буссунареб хIалалде. Ва кинаб бугониги мурадалдалъун аборт гьабизе бокьарай чIужугIаданалъ гьеб больницаялда гурого гьабизе бегьуларо. Гьединал руччаби ругони рачIине ккола районалъул поликлиникаялде руччабазул кабинеталде.

ХIурматиял руччаби, лъимер биххизабизе пикру бижиндал, гьелъие хIукму гьабилелде цебе ургъе нужорго сахлъиялда тIад, хIисабалде босе кинабго. Ургьиб лъимер ккезе бокьичIезе пайда босизе рес бугел гIемерал къагIидаби руго.



Умумузул буго цо лъикIаб кици.АнкьцIул борцун цин къотIейилан абураб. Гьединаб кIвар кьезе кколеб ишалъулъ кинго бегьиларо гьалатI биччазе.

**Акушер гинеколог**
**ГIабдусамадова Х.Ш**

## ЛЪИМАЛАЗЕ ПРИВИВКАБИ КИДА ВА КИН ГЬАРИЗЕ ККОЛЕЛ

Лъимал унтулареллъун гIеялъе аслияб шартIлъун ккола гьезие хассал дарабазул прививкаби Бищунго цебесеб, ай тIоцебесеб вакцина гьабула гьабун 12 сагIат бараб лъимералъе.



гьари. Амма цIакъго кIвар бугеблъун ккола щиб заманалда ва кинаб вакцина гьабизе кколеб мухIканго лъай. Гьелъул буго хассаб къагIида. Масала вакцинабаз защитнияб имунитет гьабизе ккани цо укол гьабураб гIоларо, гьабизе ккола 2-3 укол. Гьелъие гьабула гепатит В-ялдаса цIуниялъе прививка. 3 ялдаса 7-ялде щвезегIан къоял рараб лъимералъе гьабула туберкулезалда дандчIараб-Бут вакцина. Лъимералъул 1 моцI лъугIиндал гьелъие гьабула гепатит В-ялде дандечIараб вакцина. 3 моцI бараб лъимералъе гьаризе ккола гIемерал унтабазде данде: коклюшалде, дифтериялде, столбнякалде, полиомиелиталде дандчIарал прививкаби. Гьединалго прививкаби гьарула 4-5 моцI бараб лъимералъеги, 6 моцI баралъеги гьабула 4-5 баралъего гIадал ва тIадеги жубала гепатит В-ялде данде вакцина. Лъимералъ лъагIел бадал прививка гьабизе ккола коралде, краснухаялде ва паротиталде данде. Лъимералъ 1,5 сон бадалги гьарула дифтериялде, столбнякаялде, коклюшалде данде ревакцинация. 20 моцI бадал иргадулаб ОПВ ревакцинация гьабула полиомиелиталде данде. Хадусел прививкаби гьаризе ккола гIицIго 6 сон бадал. Гьеб заманалда лъимералъе вакцина гьабула коралде, краснухаялде ва паратиталде данде 2 моцI баразе, пневмококковая 1,3 моцI баразе ревакцинация. 14 сон баразе ПДС, ОВП, БЦЖ.. ГIурал гIадамазе прививкаби гьарула щибаб 10 сонада жаниб цо нухалъ дифтериялде ва столбнякаялде данде.

Гриппалде данде прививка гьабула эпидемия байбихьиялде цебе, лъималазе 6 моцI тIубараб мехалъ.

Нужерго лъимал унтабаздасан цIунараллъун гIезе бокьани, мухIканаб хал кквей букIинабе прививкаби гьариялда хадуб.

**ГI. СагIидова**
**Лъималазул тохтур**



# программа

ГЬУДУЛЛЪИ

**Газета гIуцIарал:**

**МР «Болъихъ районалъул администрация**

**учредители:**

**Администрация МР «Ботлихский район»**

БетIерав редактор

**ГI. ГIумаханов**

Отделалъул редакторал

**П. Дибирова**

**А. Агъларов**

**Мухбирзаби**

***З.МухIамадова***

***М. ГIумаханова***

**Наборщица** П. Эльдарова

**Дизайнер** С. Камилова

**Программист** А. Ибрагьимова

**Фотокорр** *Ш.Муртазалиев*

*Индекс: 368970*

*Адрес: ДР, Болъихъ районалъул Болъихъ росу, Школалъулаб къватI*

*Телефонал:*

*Редакторасул 2-20-53*

*гIаммаб 2-20-37*

*Эл. адрес druzhba555@mail.ru*

*Газета бищана редакциялъул компьютеразул цехалда, кьабуна ООО «Лотос» типографиялда.*

*Адрес: 367018, МахIачхъала, Пушкинил къватI, 6*

*Тираж -550*

*Индекс-51349*

*Багьа-6 гъурущ*

*Газета печаталде кьуна 16.00 хамиз къоялъ*

*Газета кьабуна 20.00*

*Заказ № _____*

*Газеталъул регистрация гьабуна Югалъулаб округалъул регионазда гьоркьосеб бакIалъулаб управлениялъ.*

*Регист. ПИ*

*№ 10 - 4614*

*Редакциялъул пикру кидаго гуро макъалабазул авторазул пикругун данде кколеб. Макъалабазда рихьизарурал хIужабазул, тарихазул ва цогидалги баяназул жаваб кьола гьезул авторaз.*

## СРОКИ ОХОТЫ НА ДОБЫЧУ ОХОТНИЧЬИХ РЕСУРСОВ НА ТЕРРИТОРИИ ОХОТНИЧЬИХ УГОДИЙ РЕСПУБЛИКИ ДАГЕСТАН

**Согласно Приказа Минприроды России от 16. 11. 2010 №512 и Приложению №2 к Указу Президента Республики Дагестан от 28 февраля 2013 года №67 на территории охотничьих угодий Республики Дагестан устанавливаются следующие сроки охоты на охотничьи ресурсы:**

| | |
|---|---|
| Кабан: все половозрастные группы | с 1 июня по 30 сентября (за исключением самок с приплодом текущего года) с 1 октября по 31 января |
| Косуля европейская:<br>Все половозрастные группы<br>Взрослые самцы<br>Взрослые самцы с неокостеневшими рогами (пантами) | <br>С 1 октября по 31 декабря<br>С 20 мая по 10 июня |
| Туры:<br>Все половозрастные группы | <br>С 1 августа по 30 ноября |
| Медведь бурый | С 1 апреля по 31 мая<br>С 1 августа по 30 ноября |
| Заяц (русак)<br>Енотовидная собака, волк, шакал, лисица, корсак | С 15 сентября по 31 января |
| Ондатра | С 1 октября по 1 апреля |
| Серая куропатка кеклик, гусь, вальдшнеп, фазан | С 16 августа по 31 декабря |
| Селезни утиных водоплавающих птиц (весенняя охота) | С 1 марта по 10 марта |
| Барсук | С 15 августа по 31 октября |

## ЗАГЪРУЯБ «ДАРУ»

Халкъалда гьоркьоб жакъа къоялъул унтарал суалазул цояблъун ккола сунтI бай (насвай). Абизе бегьула гьеб гIадамаз кIвар гьабулареб, амма жиндасан кIудияб зарал ва мунагь бугеб жо бугин. Дагъистаналъул шагьаразул базараздаги, тукабаздаги балъгоги тIатунги бичулеб буго сунтI-насвай абулеб жо. Гьелъул багьа 10-20 гъурущ букIиналъ, школалда цIалулел лъималазги байбихьун буго сунтI хIалтIизабизе. Байбихьиги лъолеб буго кепалъего гIадин, цогидаз гьабулеб бихьидал, хIалбихьизеян ва ругьунлъулел руго гьелде.

Гьеб хIалтIизе гьабиялдалъун лъимал лъугьунел руго ракIалда жо чIоларелльун ва пагьму гьечIеллъун. СунтIалъ лъималазул гIадалнахалъеги зарал гьабулеб буго. Гьединго, хехго цщим бахъунелльун ва нерваби холелльун лъугьунел руго. СунтI кколеб буго цIакъго зарал цIикIкIарал наркотикал хIалтIизаризе лъимал ругьунлъиялъе нух рагьиялъе сабаблъунги. Гьеб сунтI хIалтIизабулеб буго саламатал,ригьалдаса арал руччабазги. Дирго бералда бихьана 70 сонил ригьалда йигей гIаданалъ сунтI балеб. Унтун больницаялда регаразда гьоркьорги рихьана сунтI балел чIахIиял руччаби. Гьеб хIалтIизабиялъул щиб хайир бугебин суал кьедал, гьез абула гIемераб жоялъе дару бугин, гьелъ гайморит сах гьабулин. ХIакъикъаталдайин абуни гьеб дару гуро. Дарулъун хIалтIизабиги битIараб гьечIо. Щайин абуни, бокьараб унтуе ва гьединго гайморитальe руго гIезегIан лъикIал дараби. Исламалъ хIарам гьабураб ва медицинаялъ сахлъиялъе хIинкъи бугеблъун рикIкIунеб сунтI дарулъун хIалтIизаби гIакълу бугев чиясул пиша гуро. СунтIалде ругьунлъулел руго хъалиян цIалел бихьиналги. Гьез абула хъалиян тезе кумек гьабулин сунтI баялъ. Хъалиян тезе кумек гуро гьелъ гьабулеб,гьебги тун, гьел рачIунел руго сунтI баялде. Гьеб жо ккола цояб наркотикги тун цогидаб хIалтIизаби. ГIакълу бугев чи гьелъул гIуцIиялъухъгIаги балагьизе ккола. Гьеб мехалда бичIчIила гьеб лъикIаб жо гуреблъи. Гьелда гьорлъин абуни букIуна хъурараб тамахьо. Гьеб хехго бидулъ босизе гьорлъе жубала гач, гIанкIудал яги варанияльул рак, махI лъикIлъиялъе цо-цо приправабиги. Гьединлъидал, гьеб жо хIалтIизабизе бегьулареблъи лъаларев чиясда кинаб цIарха лъелеб? Дарууялъул бакIалда гьеб хIалтIизабулезда лъазе ккола инсанасул сахлъиялъе гIезегIан кIудияб зарал гьелъ гьабулеб букIин. Гьеб хIалтIизабиялда лъун инсанасул чорхолъ загьирлъула рак унти. Гьелда гьорлъ бугеб варанияльул яги гIанкIудал рак сабаблъун чорхолъе ккола бакъазул инфекциял. СунтI хIалтIизабиялъ кванирукъалда ругьунги лъугьинабула. КIветIалда ва мацIалда багьарулеб буго рак унтиялъул опухоль.

СунтI баялъ инсан вачуна сурукълъиялдеги. ЧIегIергьарун магIазулкъалалгун, балагьаразул ракI къалеб кьералъул лъугьуна, килщал рукIуна тIогьиллъун. ГIадамазда гьоркьовги сунтI балев чи хIакъиравлъун вукIуна.

БичIчIизе ккола, диналъул вацал ва яцал, гьеб зарал цIикIкIараб, нилъ мунагьалде цIалеб, нилъее щибго хайир ва кири гьечIеб жо букIин. ХIаракат бахъизе ккола гьеб рехун тезе.

**«Гумбет» газеталдаса босараб**

Болъихъ №1 гьоркьохъеб школалъ 2003 соналъ Къадирова ПатIимат Аслановналъул цIаралда кьураб БN№0308168 аттестат билун буго.

Гьеб гьанжеялдаса нахъе ***хIакъикъияб гуреблъун рикIкIуна***.